**ҚАРАҚАЛПАҚСТАН РЕСПУБЛИКАСЫ ХАЛЫҚ БИЛИМЛЕНДИРИЎ МИНИСТРИНИҢ БУЙРЫҒЫ**

# Улыўма орта билим бериў мектеплеринде жумыс ислеп атырған дене тәрбиясы пәни муғаллимлериниң аттестациясын шөлкемлестириў ҳәм өткериў ҳаққында

Улыўма орта билим бериў мектеплеринде жумыс ислеп атырған дене тәрбиясы пәни муғаллимлериниң теориялық ҳәм әмелий сынаўларын нәтийжели шөлкемлестириў ҳәм өткериў бойынша Өзбекстан Республикасы Халық билимлендириў министрлигиниң 2021-жыл 11-майдағы 02-02/3-1449-санлы хатында көрсетилген ўазыйпалардың орынланыўын тәмийинлеў мақсетинде **буйыраман:**

**1.** Өзбекстан Республикасы Халық билимлендириў министрлигиниң 2021-жыл 11-майдағы 02-02/3-1449-санлы хаты мағлыўмат ҳәм орынлаў ушын басшылыққа алынсын.

**2.** Усы жылдың 17-май сәнесинен баслап 10 күн мүддет ишинде дене тәрбиясы пәни муғаллимлери ушын қәнигелик категориясы бойынша аттестациядан өткерилиўи белгиленсин.

**3.** Дене тәрбиясы пәни муғаллимлериниң теориялық ҳәм әмелий сынаўларын өткериў бойынша комиссия қурамы 1-қосымшаға муўапық тастыйықлансын.

**4. Комиссия қурамы (Қ.Бекбаулиев)на:**

аттестация процессин өткериўде тийисли шөлкемлер менен биргеликте келисилген ҳалда тәжирийбели қәнигелерди қамтып алған ҳалда баҳалаў бойынша эксперт топары (төрешилер)н дүзиў;

педагог хызметкерлер нәтийжелери Әдиллик министрлигинен 2019-жыл 16-сентябрьде 3182-саны менен дизимге алынған баҳалаў критериялары бойынша баҳалаўды әмелге асырыў;

дене тәрбиясы пәни муғаллимлери ушын аттестация процесслери әдил ҳәм әшкаралық принциплерине әмел қылған ҳалда өткерилиўин тәмийинлеў;

аттестация нәтийжелериниң жуўмағы бойынша аттестациядан өткен педагог хызметкерлер ҳаққындағы мағлыўматларды категория сертификаты менен тәмийинлеў ушын Билимлендириўдиң сапасын қадағалаў мәмлекетлик инспекциясына буйыртпа бериў ўазыйпасы тапсырылсын.

**5. Төмендегилер:**

дене тәрбиясы пәни муғаллимлериниң теориялық ҳәм әмелий сынаўларын өткериў бойынша ис-илажлар режеси 2-қосымшаға муўапық;

дене тәрбиясы пәни муғаллимлериниң теориялық ҳәм әмелий сынаўларын өткериў кестеси 3-қосымшаға муўапық;

дене тәрбиясы пәни муғаллимлериниң теориялық ҳәм әмелий сынаўларын өткериў бойынша эксперт топары (төрешилер) қурамы 4-қосымшаға муўапық;

дене тәрбиясы пәни муғаллимлериниң теориялық ҳәм әмелий сынаўлары нәтийжелери бойынша келип түскен мүрәжатларды көрип шығыў бойынша комиссия қурамы 5-қосымшаға муўапық;

дене тәрбиясы пәни муғаллимлериниң теориялық ҳәм әмелий сынаўлары процессин шөлкемлестириў ҳәм қадағалаў ушын аудитория бақлаўшылары 6-қосымшаға муўапық;

дене тәрбиясы пәни муғаллимлериниң теориялық ҳәм әмелий сынаўларына қатнасыўшы педагог хызметкерлердиң карантин талапларына қатаң әмел қылған ҳалда, әдиллик ҳәм ашық айдын ҳәмде тастыйықлаўшы ҳүжжетлери менен кириўин тәмийинлеў ушын жуўапкерлер топары 7-қосымшаға муўапық;

дене тәрбиясы пәни муғаллимлериниң теориялық ҳәм әмелий сынаўларына қатнаспай қалған педагог хызмектерлерди анықлаўшы жуўапкерлер топары 8-қосымшаға муўапық;

дене тәрбиясы пәни муғаллимлериниң теориялық ҳәм әмелий сынаўлары процессин шөлкемлестириў ҳәм өткериў көрсетпеси 9-қосымшаға муўапық тастыйықлансын.

**7.** Дене тәрбиясы пәни муғаллимлери ушын теориялық ҳәм әмелий сынаўлары 2021-жылдың 19-22-май күнлери Нөкис қаласы 21-санлы улыўма орта билим бериў мектеби базасында өткерилетуғынлығы мағлыўмат ушын қабыл етилсин.

**8. Билим сыпаты мониторинг бөлими (Ҳ.Бегдуллаев)не:**

а) усы жылдың 18-май сәнесине шекем:

ис-илажларда белгиленген ўазыйпалардың орынланыўын тәмийинлеў;

теориялық ҳәм әмелий сынаўларына қатнасыўшы педагог хызметкерлерди Өзбекстан Республикасы Министрлер Кабинети жанындағы Билимлендириўдиң сапасын қадағалаў мәмлекетлик инспекциясының 2020-жыл 16-октябрьдеги 21-мҳ-, Жоқары ҳәм орта арнаўлы билимлендириў министрлигиниң 2020-жыл 7-октябрьдеги 89-03-3719-, Мектепке шекемги билимлендириў министрлигиниң 2020-жыл 7-октябрьдеги 12-, Халық билимлендириў министрлигиниң 2020-жыл 7-октябрьдеги 12-мҳ-, Дене тәрбия ҳәм спорт министрлигиниң 2020-жыл 8-октябрьдеги 9-мҳ-, Мәденият министрлигиниң 2020-жыл 14-октябрьдеги 01-14-18- ҳәмде Мийнет ҳәм бәнтлик қатнасықлары министрлигиниң 2020-жыл 7-октябрьдеги 392-санлы қоспа қарары менен тастыйықланған “**Мәмлекетлик мектепке шекемги билимлендириў мәкемелери, улыўма орта, орта арнаўлы, басланғыш профессионал, орта профессионал, орта арнаўлы профессионал ҳәм мектептен тысқары мәмлекетлик билимлендириў мәкемелериниң дене тәрбиясы пәни муғаллимлери ушын әмелий сынаў Нормативлери**” (кейинги орынларда Норматив деп жүритиледи) менен таныстырыў;

б) теориялық ҳәм әмелий сынаўлары күнлери педагог хызметкерлерди орынларға тәртипли тәризде өз ўақтында алып кириў, теориялық сынаў процессин қадағалаў, теориялық сынаў процесси тамамланғаннан кейин оларды шығарып салыў ушын жуўапкерлерге ўазыйпаларын түсиндириў;

в) аттестацияға қатнасыўшыларды топарларға бөлиў, өткерилиў сәнеси ҳәм ўақтын белгилеў, қәнигелик сынаў (теориялық әмелий шынығыўлар)лар нәтийжелерин түсириў ушын ведомостьларын таярлаў;

г) дене тәрбиясы пәни муғаллимлериниң теориялық ҳәм әмелий сынаўлары нәтийжелери ҳәм жуўмақлары бойынша 25-май сәнесине шекем мағлыўмат киритиў ўазыйпасы жүклетилсин.

**9. Оқыўшылардың саламат аўқатланыўы ҳәм медицина хызметин шөлкемлестириў бөлими (С.Ҳабипов)не**:

дене тәрбиясы пәни муғаллимлериниң теориялық ҳәм әмелий сынаўлары өткерилетуғын орынларда қатнасыўшылардың дене температураларын (контактсыз) өлшеў ушын термометрлер, тери ушын антисептик еритпелери ҳәм басқада

антисептикалық қураллар менен тәмийинлеўди шөлкемлестириў ўазыйпасы жүклетилсин.

**10. Министрликтиң мәлимлеме хызмети (баспа сөз хаткери Т.Даулетмуратов)не**:

дене тәрбиясы пәни муғаллимлериниң теориялық ҳәм әмелий сынаўлары процесслерин веб-сайтларда, социаллық тармақларда ҳәмде ғалаба хабар қуралларында кең түрде жәриялап барыў тапсырылсын.

**11. Атқарыўшылық тәртиби ҳәм мүрәжатлар менен ислесиў бөлими (Қ.Бекбаулиев)не**:

бир күн мүддетте усы буйрықтың барлық район (қала)лық халық билимлендириў бөлимлери ҳәм Республикалық бойсыныўдағы билимлендириў мәкемелери жуўапкерлерине жеткерилип берилиўин тәмийинлесин.

**12. Барлық район (қала)лық халық билимлендириў бөлимлери баслықлары ҳәм Республикалық бойсыныўдағы билимлендириў мәкемелери директорларына:**

дене тәрбиясы пәни муғаллимлериниң теориялық ҳәм әмелий сынаўларына қатнасыўшы педагог хызметкерлерди жоқарыдағы қарар менен тастыйықланған **Мәмлекетлик мектепке шекемги билимлендириў мәкемелери, улыўма орта, орта арнаўлы, басланғыш профессионал, орта профессионал, орта арнаўлы профессионал ҳәм мектептен тысқары мәмлекетлик билимлендириў мәкемелериниң дене тәрбиясы пәни муғаллимлери ушын әмелий сынаў Нормативлери** (кейинги орынларда Норматив деп жүритиледи) менен таныстырыў;

дене тәрбиясы пәни муғаллимлери ушын 2021-жылдың 19-22-май күнлери өткерилетуғын теориялық ҳәм әмелий сынаўларына ўақтында жетип келиўин, толық қатнасыўын тәмийинлеў ҳәм қадағалап барыў ушын бөлимиңиз тәрепинен жуўапкер бекитиў;

дене тәрбиясы пәни муғаллимлериниң теориялық ҳәм әмелий сынаўларын шөлкемлестириў ҳәм өткериў процессине жуўапкер хызметкерлердиң тийкарғы жумыс орнынан ис ҳақысы сақланған ҳалда усы жылдың 19-22-май күнлери Нөкис қаласына хызмет сапарына жибериў;

педагог хызметкерлерди теориялық ҳәм әмелий сынаўлар өткерилетуғын орынға өзиниң шахсын тастыйықлаўшы пуқаралық паспорты ҳәм медициналық дәптершеси, соның менен бирге қатнасыўшылардың спорт кийиминде келиўин тәмийинлеў;

дене тәрбиясы пәни муғаллимлериниң теориялық ҳәм әмелий сынаўларына қатнасыўшы педагог хызметкерлерди аттестациядан өткериў ушын белгиленген тәртипте аттестация комиссияларының дүзилгенлигин есапқа алған ҳалда, олардың жумыс алып барыўын қадағалаў;

аттестация комиссиялары қарарына муўапық кәсиплик категориясын алған педагог хызметкерлер ушын тийисли сертификатларды алыў ушын министрликтиң аттестация комиссиясына белгиленген тәртипте буйыртпалар бериў;

аттестация нәтийжелери тийкарында белгиленген мүддетте қәнигелик категориясы сертификатларының алыныўын ҳәм белгиленген тәртипте педагог хызметкерлерге жеткерилиўин тәмийинлеў;

дене тәрбиясы пәни муғаллимлериниң теориялық ҳәм әмелий сынаўлары нәтийжелерин критерия тийкарында баҳалаўшы эксперт ағзалары (төрешилер)ның ўақтында сынаўлар өткерилиў орнына келиўин тәмийинлеў;

дене тәрбиясы пәни муғаллимлериниң теориялық ҳәм әмелий сынаўлары процессинде ушырасқан машқала ҳәм кемшиликлерди өз ўақтында сапластырыў илажларын көриў ўазыйпасы тапсырылсын.

**13. Нөкис қалалық халық билимлендириў бөлими (П.Ақназаров)не**:

усы жылдың 19-22-май күнлери дене тәрбиясы пәни муғаллимлерине өткерилетуғын қәнигелик сынаў (теориялық ҳәм әмелий шынығыўлар)ларда қәўипсизликти сақлаў ҳәм ҳәр қыйлы унамсыз жағдайлардың алдын алыў, қәнигелик (теориялық ҳәм әмелий шынығыўлар) сынаўларына қатнасыўшы педагог хызметкерлердиң тосаттан ден-саўлығы төменлеген жағдайларда биринши медициналық жәрдем көрсетиў, коронавирус инфекциясының алдын-алыў, пандемия ҳәм карантин талапларына әмел қылыўларын ҳәмде қәнигелик сынаў (теориялық ҳәм әмелий шынығыўлар)ларын ғалаба-хабар қуралларында жәриялаўды тәмийинлеў мақсетинде тийисли орынларға хат пенен шығыў;

дене тәрбиясы пәни муғаллимлериниң теориялық ҳәм әмелий сынаўларын өткериў ушын Нөкис қаласы 21-санлы улыўма орта билим бериў мектебиниң спорт заллары ҳәм спорт майданшасын талап дәрежесинде таярлаў ҳәм керекли спорт инвентарлары менен тәмийинлеў;

педагог хызметкерлердиң теориялық (жазба ушын) сынаўлары ушын класс ханаларын таярлаў ўазыйпалары тапсырылсын.

**14.** Қарақалпақстан Республикасы Халық билимлендириў министрлигиниң 2020-жыл 24-декабрьдеги “Улыўма орта билим бериў мектеплеринде жумыс ислеп атырған дене тәрбиясы пәни муғаллимлериниң аттестациясын шөлкемлестириў ҳәм өткериў ҳаққында”ғы 255-санлы буйрығы өз күшин жоғалтқан деп есаплансын.

**15.** Усы буйрықтың орынланыўын қадағалаўды Өзимде қалдыраман.

**Министр:** **Р.Реймов**

Нөкис қаласы
2021-жыл 12 - Май
№ 122

Қарақалпақстан Республикасы Халық билимлендириў министриниң 2021-жыл 12-майдағы «122» санлы буйрығына 1-қосымша

**Қарақалпақстан Республикасы Халық билимлендириў министрлигиниң дене-тәрбиясы пәни муғаллимлериниң аттестациясын өткериў бойынша Комиссия қурамы**

| № | Ф.И.О | Лаўазымы |
|---|---|---|
| 1. | Қ.Бекбаулиев | - Министрдиң биринши орынбасары ў.ў.а, Комиссия баслығы |
| 2. | Ҳ.Бегдуллаев | - Билим сыпаты мониторинг бөлими баслығы, Комиссия баслығы орынбасары |
| 3. | М.Торемуратов | - Билим сыпаты мониторинг бөлими бас қәнигеси, ағза |
| 4. | Р.Ержанов | - Билим сыпаты мониторинг бөлими бас қәнигеси, ағза |
| 5. | С.Жуманиязов | - Кадрлар бойынша бөлим баслығы, ағза |
| 6. | Р.Узақбергенов | - Билим сыпаты мониторинг бөлими жетекши қәнигеси, хаткер |
| 7. | Р.Кадиров | - Нөкис қалалық ХББи дене тәрбия пәни методисти |
| **Еслетпе:** Район (қала)лық халық билимлендириң бөлимлериндеги Билим сыпаты мониторинги бөлими (бас) инспектор методистлери комиссия ағзалары есапланады | | |

Қарақалпақстан Республикасы Халық билимлендириў министриниң 2021-жыл 12 майдағы «122» санлы буйрығына 2 қосымша

## Қарақалпақстан Республикасы Халық билимлендириў министрлигиниң дене-тәрбиясы пәни муғаллимлериниң теориялық ҳәм әмелий сынаўларын өткериў бойынша КЕСТЕСИ

| Сәне | Қала ҳәм районлар | Аттестацияға қатнасыўшы педагоглар саны | Теориялық сынаўы | Әмелий шынығыўлар | Аттестация өткерилетуғын орны, сәнеси | Жуўапкерлер |
|---|---|---|---|---|---|---|
| 19-май 2021-жыл | Нөкис қаласы | 129 | **1-, 2-, 3-, 4-топарлар** *(129 қатнасыўшы)* | | Нөкис қаласы 21-санлы мектеп, саат 8-00 **19-май 2021-жыл** *(Бағдар: Гөне автовокзал)* | **Төрешилер** |
| | Нөкис районы | 35 | | **5-, 6-, 7-, 8-топарлар** *(117 қатнасыўшы)* | | |
| | Шымбай районы | 70 | | | | |
| | Бозатаў районы | 12 | | | | |
| | **Жәми** | **246** | 129 | 117 | | |
| 20-май 2021-жыл | Шоманай районы | 40 | **9-, 10-, 11-, 12-топарлар** *(109 қатнасыўшы)* | | Нөкис қаласы 21-санлы мектеп, саат 8-00 **20-май 2021-жыл** *(Бағдар: Гөне автовокзал)* | **Төрешилер** |
| | Кегейли районы | 69 | | | | |
| | Қоңырат районы | 56 | | **13-, 14-, 15-, 16-топарлар** *(126 қатнасыўшы)* | | |
| | Беруний районы | 65 | | | | |
| | **Жәми** | **230** | 109 | 121 | | |
| 21-май 2021-жыл | Қараөзек районы | 41 | **17-, 18-, 19-, 20-топарлар** *(123 қатнасыўшы)* | | Нөкис қаласы 21-санлы мектеп, саат 8-00 **21-май 2021-жыл** *(Бағдар: Гөне автовокзал)* | **Төрешилер** |
| | Мойнақ районы | 21 | | | | |
| | Төрткүл районы | 61 | | | | |
| | Әмиўдәрья районы | 61 | | **21-, 22-, 23-, 24-топарлар** *(129 қатнасыўшы)* | | |
| | Елликқала районы | 68 | | | | |
| | **Жәми** | **252** | 123 | 129 | | |
| 22-май 2021-жыл | Қанлыкөл районы | 39 | **25-, 26-, 27-, 28-топарлар** *(112 қатнасыўшы)* | | Нөкис қаласы 21-санлы мектеп, саат 8-00 **22-май 2021-жыл** *(Бағдар: Гөне автовокзал)* | **Төрешилер** |
| | Хожели районы | 73 | | | | |
| | Тахыятас районы | 24 | | **29-, 30-топарлар** *(43 қатнасыўшы)* | | |
| | Тахтакөпир районы | 19 | | | | |
| | **Жәми** | **155** | 112 | 43 | | |
| **ЖӘМИ** | | **883** | **473** | **410** | | |

Қарақалпақстан Республикасы Халық билимлендириў министриниң 2021-жыл 12-майдағы «122» санлы буйрығына 3-қосымша

**Қарақалпақстан Республикасы Халық билимлендириў министрлигиниң дене-тәрбиясы пәни муғаллимлериниң теориялық ҳәм әмелий сынаўларын өткериў бойынша эксперт топары (төрешилер)ағзалары**

| № | Ф.И.О | Лаўазымы | Топарлары, орны |
|---|---|---|---|
| 1. | Х.Қалилаев | Нөкис қаласы **19-санлы** мектептиң дене тәрбия пәни муғаллими | Нөкис қаласы 21-санлы мектеп, саат 8-00-18.00 **19-22-май 2021-жыл** *(Бағдар: Гөне автовокзал)* |
| 2. | А.Бегжанов | Нөкис районы **1-санлы** мектептиң дене тәрбия пәни муғаллими | |
| 3. | Қ.Тажимуратов | Нөкис қаласы **29-санлы** мектептиң дене тәрбия пәни муғаллими | |
| 4. | Б. Утепов | Нөкис районы **21-санлы** мектептиң дене тәрбия пәни муғаллими | |
| 5. | Ө. Аметов | Хожели районы **15-санлы** мектептиң дене тәрбия пәни муғаллими | |
| 6. | Е.Матьякупов | Нөкис қаласы **46-санлы** ИДУМ дене тәрбия пәни муғаллими | |
| 7. | Б.Мамбетниязова | Нөкис қаласы **2-санлы** мектептиң дене тәрбия пәни муғаллими | |
| 8. | Н.Қалиев | Нөкис қаласы **17-санлы** мектептиң дене тәрбия пәни муғаллими | |
| 9. | С.Панаева | Нөкис қаласы **1-санлы** ИДУМ дене тәрбия пәни муғаллими | |
| 10. | А.Шылманов | Нөкис қаласы **6-санлы** мектептиң дене тәрбия пәни муғаллими | |
| 11. | А.Тилеўмуратов | Нөкис қаласы **38-санлы** мектептиң дене тәрбия пәни муғаллими | |

Қарақалпақстан Республикасы Халық билимлендириў министриниң 2021-жыл 12-майдағы «122» санлы буйрығына 4-қосымша

**Дене тәрбиясы пәни муғаллимлериниң теориялық ҳәм әмелий сынаўлары нәтийжелери бойынша келип түскен мүрәжатларын көрип шығыў бойынша комиссия қурамы**

| № | Ф.И.О | Лаўазымы |
|---|---|---|
| 1 | Қ.Бекбаулиев | - Министрдиң биринши орынбасары ў.ў.а, Комиссия баслығы |
| 2 | Ҳ.Бегдуллаев | - Билим сыпаты мониторинг бөлими баслығы, баслық орынбасары |
| 3 | М.Торемуратов | - Билим сыпаты мониторинг бөлими бас қәнигеси, ағза |
| 4 | Р.Ержанов | - Билим сыпаты мониторинг бөлими бас қәнигеси, ағза |
| 5 | С.Жуманиязов | - Кадрлар бойынша бөлим баслығы, ағза |
| 6 | М.Хожаниязов | - Министрликтиң Бас юрисконсульт-адвокат, ағза |
| 7 | Р.Узақбергенов | - Билим сыпаты мониторинг бөлими жетекши қәнигеси, хаткери |
| Район (қала)лық халық билимлендириў бөлимлериндеги Билим сыпаты мониторинги бөлими (бас) инспектор методистлери комиссия ағзалары есапланады | | |

Қарақалпақстан Республикасы Халық билимлендириў министриниң 2021-жыл 12-майдағы «122» санлы буйрығына 5-қосымша

**Дене тәрбиясы пәни муғаллимлериниң теориялық ҳәм әмелий сынаўлары процессин шөлкемлестириў ҳәм қадағалаў ушын аудитория баслықлары ҳәм бақлаўшылары**

| к/с | Ф.А.Ә | Лаўазымы | Теориялық ҳәм әмелий сынаўлар өткериўдеги лаўазымы |
|---|---|---|---|
| 1. | Есназаров Саламат Муратбаевич | Шоманай районлық ХББи БСМБ инспектор-методисти | 1-аудитория баслығы |
| 2. | Авезов Фарход Ҳайтбаевич | Әмиўдәрья районлық ХББи БСМБ инспектор-методисти | 1-аудитория бақлаўшысы |
| 3. | Жумамуратов Даулетбай Абдижамилович | Хожели районлық ХББи БСМБ инспектор-методисти | 2-аудитория баслығы |
| 4. | Авезниязов Шухрат Фархатович | Мойнақ районлық ХББи БСМБ бас инспектор-методисти | 2-аудитория бақлаўшысы |
| 5. | Мамутов Даулетяр Уббиниязович | Тахыятас районлық ХББи БСМБ инспектор-методисти | 3-аудитория баслығы |
| 6. | Баймуратов Бахтияр Өмирбаевич | Нөкис районлық ХББи БСМБ инспектор-методисти | 3-аудитория бақлаўшысы |
| 7. | Аллашов Адилбай Еркинбаевич | Қараөзек районлық ХББи БСМБ бас инспектор-методисти | 4-аудитория баслығы |
| 8. | Зариев Дарьябай Абатбаевич | Қанлыкөл районлық ХББи БСМБ бас инспектор-методисти | 4-аудитория бақлаўшысы |

Қарақалпақстан Республикасы Халық билимлендириў министрлигиниң 2021 - жыл 12 - Май 122 -санлы буйрығына 6 -қосымша

**Теориялық ҳәм әмелий сынаўларына қатнасыўшы дене тәрбиясы пәни муғаллимлериниң карантин қағыйдаларына қатаң әмел қылған халда әдиллик ҳәм ашық айдын ҳәмде тастыйықлаўшы ҳужжетлери менен кириўин тәмийинлеў ушын жуўапкерлер топары**

| қ/с | Ф.А.Ә | Лаўазымы | Тест сынаўларын өткериўдеги лаўазымы |
|---|---|---|---|
| 1. | Торемуратов Мамбеталый Кутекеевич | Министрликтиң билим сыпаты мониторинг бөлими баслығы | Топар баслығы |
| 2. | Юлдашев Ботир Махсудович | Беруний районлық ХББи БСМБ инспектор-методисти | Ағза |
| 3. | Мамбеткаримов Дастанбай Отарбаевич | Бозатаў районлық ХББи БСМБ бас инспектор-методисти | Ағза |
| 4. | Аяпбергенов Абдулла Парахатович | Тахтакөпир районлық ХББи БСМБ бас инспектор-методисти | Ағза |
| 5. | Бисенов Ишанбай Дүйсенбаевич | Кегейли районлық ХББи БСМБ бас инспектор-методисти | Ағза |

Қарақалпақстан Республикасы Халық билимлендириў министрлигиниң 2021 - жыл 12 майдағы 122 -санлы буйрығына

7 -қосымша

**Теориялық ҳәм әмелий сынаўларына қатнаспай қалған муғаллимлерди анықлаўшы жуўапкерлер дизими**

| қ/с | Ф.А.Ә | Лаўазымы |
|---|---|---|
| 1. | Авезов Фарход Хайитбаевич | Әмиўдәрья районлық ХББи БСМБ инспектор-методисти |
| 2. | Юлдашев Батыр Максудович | Беруний районлық ХББи БСМБ инспектор-методисти |
| 3. | Мамбеткаримов Дастанбай Отарбаевич | Бозатаў районлық ХББи БСМБ бас инспектор-методисти |
| 4. | Зариев Дәрябай Абатбаевич | Қанлыкөл районлық ХББи БСМБ бас инспектор-методисти |
| 5. | Аллашов Адилбай Еркинбаевич | Қараөзек районлық ХББи БСМБ бас инспектор-методисти |
| 6. | Бисенов Ишанбай Дүйсенбаевич | Кегейли районлық ХББи БСМБ бас инспектор-методисти |
| 7. | Тайырова Ширин Жангабаевна | Қоңырат районлық ХББи БСМБ инспектор-методисти |
| 8. | Авезниязов Шухрат Фархатович | Мойнақ районлық ХББи БСМБ бас инспектор-методисти |
| 9. | Баймуратов Бахтияр Өмирбаевич | Нөкис районлық ХББи БСМБ инспектор-методисти |
| 10. | Аллияров Руслан Нурсултанович | Нөкис қалалық ХББи БСМБ инспектор-методисти |
| 11. | Мамутов Даўлетияр Үббиниязович | Тахыятас районлық ХББи БСМБ инспектор-методисти |
| 12. | Аяпбергенов Абдулла Парахатович | Тахтакөпир районлық ХББи БСМБ инспектор-методисти |
| 13. | Байрамматов Нагмат Дадебаевич | Төрткүл районлық ХББи БСМБ инспектор-методисти |
| 14. | Есназаров Саламат Сарсенбаевич | Шоманай районлық ХББи БСМБ инспектор-методисти |
| 15. | Төреев Даўлетбай Пулатбаевич | Шымбай районлық ХББи БСМБ инспектор-методисти |
| 16. | Жумамуратов Даўлетбай Абдижамилович | Хожели районлық ХББи БСМБ инспектор-методисти |
| 17. | Беркбаев Руслан Садуллаевич | Елликқала районлық ХББи БСМБ инспектор-методисти |

**Еслетпе:** Егерде жуўапкерлерден басқа жумысқа өткен жағдайда олардың лаўазымларына тайынланған хызметкерлер ямаса жуўапкершилигине тийисли ўазыйпалар жүклетилген хызметкерлер киритиледи.

Барлық район (қала)лық халық билимлендириў бөлиминдеги бас инспектор-методистлер жуўапкер есапланылады.

Қарақалпақстан Республикасы Халық билимлендириў министрлигиниң 2021 - жыл 12 - Май 122 -санлы буйрығына 8 -қосымша

**Дене тәрбиясы пәни муғаллимлерин теориялық ҳәм әмелий сынаўлары процессин шөлкемлестириў ҳәм өткериў бойынша**

**КӨРСЕТПЕ**

1) Сынаў (теория ҳәм әмелий)лар реже-график тийкарында районлар кесиминде Нөкис қаласы **21-санлы мектеп** базасында шөлкемлестириледи.

2) Министрлик тәрепинен жуўапкер хызметкерлер ҳәм де эксперт (төрешилер) топары ағзалары дүзилген.

3) Ҳәр күни саат 8:00-18:00 ге шекем мектепте жуўапкер хызметкерлер ҳәмде **11** дене-тәрбиясы пәни муғаллимлери эксперт (төрешилер) сыпатында қатнасады.

4) Ҳәр күни мектепте **200-250 ден аслам** педагог **теориялық ҳәм әмелий сынаўлардан** өткериледи.

5) Сынаў күни **200-250** педагог **8** топарға бөлинген ҳалда сынаўларға қатнасады.

- ҳәр күни дәслепки **4 топарда:** 9:00 ден 10:30 ге шекем педагоглар теориялық сынаўларды 60 минут даўамында тапсырады, онда ҳәр бир педагог ушын **4** сораўдан ибарат билетлер бериледи ҳәм педагог хызметкерлер берилген сораўларға жуўап ретинде қағазға түсирип жазып бериўлери керек болады. Теориялық сынаўларда ҳәр бир аудитория *(жәми 4 аудитория)*да **30-35** педагог хызметкерден ибарат бир ўақыттың өзинде өткериледи.

- кейнинен бул жоқарыдағы топарлар **әмелий шынығыўларды** тапсырады.

- ҳәр күни кейинги **2 топар:** саат 9:00 ден 11:00 ге шекем педагоглар 2 әмелий шынығыўларды орынлайды, яғный биринши - **100** метрге жуўырыў ҳәм де екинши – орнында турып узынлыққа секириў *(Бунда сынаўлар **3 эксперт(төреши)** топары ағзалары тәрепинен алып барылады ҳәм баҳаланады);*

- кейнинен бул жоқарыдағы топарлар **теориялық сынаўларды** тапсырады.

- ҳәр күни кейинги **2 топар:** саат 9:00 ден 11:00 ге шекем педагоглар 2 әмелий шынығыўларды орынлайды, яғный биринши – гимнастикалық отырғышға таянып қолларын бүгиў ҳәм жайыў *(ҳаяллар)*, турникте тартылыў *(ерлер)*, екинши жатқан ҳалатта қолларды бас арқасына қойып геўдени көтериў *(Бунда сынаўлар **3 эксперт (төрешилер)**топары ағзалары тәрепинен алып барылады ҳәм баҳаланады);*

- кейнинен бул жоқарыдағы топарлар **теориялық сынаўларды** тапсырады.

- 10:00 ден баслап эксперт топары (төрешилер) ағзалары қағазға түсирилген жуўапларды тексереди ҳәм баҳалайды, нәтийжелерди жәриялап болғаннан соң ҳүжжетлерге танысқанлығы ҳаққында педагог хызметкерлерге қол қойдырады. *(Бунда сынаўлар **5 эксперт** (төрешилер)топары ағзалары тәрепинен алып барылады ҳәм баҳаланады);*

*Даўамы* **КӨРСЕТПЕ** *бойынша алып барылады.*

| ТОПАР | Саат 9:00-11:00 | Саат 11:00-13:00 | Саат 14:00-16:00 |
|---|---|---|---|
| **Дәслепки 4 топар** | теориялық сынаўлар; | **- 100** метрге жуўырыў;<br>- орнында турып узынлыққа секириў; | - турникке тартылыў *(ерлер)*;<br>гимнастика отырғышына таянып қолларды бүгиў хәм жайыў *(ҳаяллар);*<br>- жатқан ҳалатта қолларды бас арқасына қойып геўдени көтериў; |
| **Кейинги 2 топар** | - турникке тартылыў *(ерлер)*;<br>гимнастика отырғышына таянып қолларды бүгиў хәм жайыў *(ҳаяллар);*<br>- жатқан ҳалатта қолларды бас арқасына қойып геўдени көтериў; | **- 100** метрге жуўырыў;<br>- орнында турып узынлыққа секириў; | теориялық сынаўлар; |
| **Кейинги 2 топар** | **- 100** метрге жуўырыў;<br>- орнында турып узынлыққа секириў; | - турникке тартылыў *(ерлер)*;<br>гимнастика отырғышына таянып қолларды бүгиў хәм жайыў *(ҳаяллар);*<br>- жатқан ҳалатта қолларды бас арқасына қойып геўдени көтериў; | теориялық сынаўлар; |